# kiy taxawu ak a dimbali ab Jatun ak way-ñakk moo ngi mel ni kuy xeex ci yoonu Yàlla, wàlla kuy taxaw guddi di woor bëccëg

Jële nañu ci Abuu Hurayrata mu wax ne : Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: "kiy taxawu ak a dimbali ab Jatun ak way-ñakk moo ngi mel ni kuy xeex ci yoonu Yàlla, wàlla kuy taxaw guddi di woor bëccëg"
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne kiy taxawe ay yittey jigéen ji jëkkëram faatu, te amul kenn ku taxawe ay mbiram, ak miskiin bi aajowoo, mu leen di dundal ci ngir yaakaar payug Yàlla mu kawe mi, kooku ak payam day yamoo ak kiy xeex ci yoonu Yàlla, walla kiy taxaw di julli guddi te du ca tàyyi, mbaa kiy woor te du dog.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee